



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU RANN GADRI PI ABÒDAB, AKSESIB AK EKITAB NAN NEW YORK

Nouvo inisyativ yo pral inifòmize pwosesis aplikasyon pou gadri, elaji aksè nan gadri, epi sipòte enfrastrikti gadri nan New York

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon gwo plan pou fè sistèm gadri nan New York la vin pi ekitab, pi abòdab ak pi fasil pou jwenn aksè, nan kad diskou sou Eta Leta 2023 li a. Pwopozisyon yo gen ladan plan pou inifòmize ak santralize pwosesis aplikasyon pou gadri a, elaji aksè nan sistèm nan, epi bay asistans pou fanmi, travayè, ak biznis pou sipòte enfrastrikti gadri New York la.

"Antanke yon moun ki te oblije mete karyè yo sou poz akòz yon mank opsyon gadri abòdab, mwen konprann ki jan sekou sa a enpòtan pou fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ke nou te fè gwo investisman pou ranfòse finansman gadri, toujou gen twòp fanmi ki pa kapab jwenn aksè nan resous sa yo. Se poutèt sa n ap pran mezi enpòtan pou amelyore pwosesis pou jwenn gadri, elaji kalifikasyon pwogram yo, epi sipòte mendèv gadri nou an".

Pwogram gadri yo te opere depi lontan sou maj ki pi piti yo, yo pa kapab ogmante frè ekolaj ase pou kouvri gwo depans pou bay bon jan kalite swen, ki gen ladan salè pou viv pou anplwaye k ap pran swen ak edike pi piti timoun nou yo. Nan mitan pandemi an, pandan salklas yo te fèmen epi tout pwogram yo fèmen pòt yo, anpil fanmi te gen difikilte pou jwenn lòt aranjman pou swen, sa ki mete travay yo - ak establite ekonomik yo - an danje. Kòm yon rezilta, fanm yo te kite mendèv la nan yon pousantaj ki pa pwopòsyonèl pandan yo te kite fanmi yo, ke zafè pa travay pa te yon opsyon, ap navige nan yon sistèm frajil, fragmante.

Ane pase, Gouvènè Hochul te anonse yon [investisman istorik 7 milya dola eta a](#) nan gadri. Poutan, itilizasyon gadri rete ba, epi Gouvènè a rete angaje l pou l ede fanmi yo jwenn aksè nan resous ki disponib yo. Se poutèt sa pwopozisyon Gouvènè Hochul la pral konsantre sou twa objektif prensipal pou revizyon sistèm gadri New York la: rann li pi fasil pou fanmi yo jwenn aksè nan asistans finansye yo kalifye pou yo; bay sipò pou mendèv gadri a; epi angaje kominote dafè a nan nouvo fason pou konstwi òf epi redwi depans pou plis fanmi.

Komisè Pa Enterim nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services, OCFS) nan Eta New York, Suzanne Miles-Gustave, te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt ijans ak siyifikasyon transfòmasyon sistèm gadri New York la. Seri inisyativ konplè ak revolisyonè sa a pral fasilite pi gwo aksè nan gadri pou paran nou yo k ap travay di, ogmante salè pou anplwaye gadri nou yo ki merite sa, ki bay ofri tèt yo anpil pandan yo gen difikilte souvan pou yo touche yon salè pou pèmèt yo viv epi asire establi nan pwogram gadri pandan demann pou sèvis yo ap kontinye grandi. Nou te tande fanmi nou yo, espesyalman fanm ke limit nan gadri pi souvan afekte yo, te tande founisè nou yo epi n ap di san rete ou pa poukont ou. OCFS fyè dèske li fè pati aksyon odasye sa a pou rann gadri bon jan kalite, an sekirite epi pwoteje vin pi ekitab, abòdab ak dirab".

Inifòmize ak santralize pwosesis aplikasyon pou gadri

Gouvènè Hochul te pwopoze yon solisyon elektwonik nan tout eta a ki pèmèt fanmi yo seleksyone davans kalifikasyon epi aplike pou asistans pou gadri, retire nenpòt pwosesis repetitif ak kondisyon rapò ki pa nesèsè yo mete sou fanmi yo. Nan inifòmize ak santralize aplikasyon an pou asistans pou gadri, senplifye pwosesis pou prezante dokimantasyon an, epi kreye yon opsyon aplikasyon sou entènèt pou tout konte, Gouvènè Hochul vize pou ogmante radikalman kantite aplikasyon ki konplete avèk siksè.

Elaji aksè pou sistèm gadri a

Gouvènè Hochul te devwale yon plan pou elaji kalifikasyon pou asistans pou gadri nan ogmante limit revni a nan maksimòm lwa federal la pèmèt - ki se 85 pousan revni mwayen New York, oswa apeprè 93,200 dola pa ane pou yon fanmi kat moun. Kòm rezilta, fanmi anviwon 113,000 lòt timoun pral vin kalifye pou asistans pou premye fwa, sa k ap ede diminye depans ki soti nan pòch pou plis fanmi.

Anplis de sa, Gouvènè a te pwopoze elimine yon repetisyon ki egzije pou fanmi ki patisipe nan pwogram yo, tankou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP), Medicaid ak Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants and Children, WIC) pou pwouve revni yo kalifye pou Pwogram Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP). Kòm rezilta chanjman sa yo, anviwon 83,400 timoun nan fanmi ki deja kalifye pral gen aksè pi fasil nan Pwogram Asistans pou Gadri.

Gouvènè Hochul pral estandadize tou kalifikasyon kle atravè distri lokal yo lè li asire ke fanmi ki pi vilnerab yo — fanmi ki sanzabri ak fanmi k ap pran swen yon timoun nan fanmi dakèy oswa swen fanmi bay — jwenn asistans pou gadri toutotan gen lajan ki disponib. Anplis de sa, Gouvènè a pral estandadize règleman Eta a sou absans yo. Kounye a, règleman distri yo sou peman pou absans yo varye anpil, avèk 11 distri ki bay ranbousman pou jiska 80 jou anvan yon fanmi vin responsab pou peye avèk kòb ki soti nan pòch men plis pase 20 distri sèlman kouvri 24 absans. Eta a pral mande pou distri yo kouvri 80 absans nan yon efò pou estandadize politik sa a atravè konte yo.

Eta a pral limite ko-peman fanmi an tou nan yon pousantaj nan revni fanmi an pi wo pase nivo povrete a, jan apeprè mwatye distri yo deja fè, olye limit 10 pousan ki se règ aktyèl la nan tout eta a. Eta a estime ke 10 pousan nan fanmi yo ap wè yon rediksyon nan ko-peman yo kòm rezilta chanjman règ sa a, ki fè li pi fasil pou fanmi sa yo patisipe nan pwogram nan.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap dirije Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York pou ankouraje devlopman lojman pou mete espas dedye pou gadri. Gadri abòdab esansyèl pou timoun yo ak paran yo, pou ranfòse devlopman timoun yo epi pou yo libere paran yo pou travay. Sant gadri yo atravè eta a gen difikilte pou yo peye pri lwaye ki wo epi pou goumen pou jwenn espas nan yon mache ki limite pa règ sekirite rijid men ki enpòtan. Bati sou yon investisman 100 milyon dola san parèy pou ogmante kapasite pwogram yo nan dezè gadri, Eta a pral pran plis mezi pou asire enstalasyon gadri yo entegre nan estrikti kominote nou yo. HCR pral klèman favorize aplikasyon pou Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba li yo ki entegre espas etablisman gadri.

Pwogram sibvansyon retansyon mendèv

Gouvènè Hochul pral sèvi ak lajan federal ki poko depanse pou etabli yon nouvo Pwogram Sibvansyon Retansyon Mendèv pou bay founisè gadri yo peman nan 17,000 pwogram nan tout eta a. Sibvansyon yo pral itilize tou pou kouvri asistans fiskal peman ak sipòte estrateji rekritman anplwaye, ki gen ladan bonis anbochaj pou nouvo anplwaye yo ak lòt depans ki gen rapò ak anboche nouvo anplwaye yo. Se yon etap enpòtan ak alè nan estabilize sektè gadri a pandan Eta a ak Gwoup Travay sou Disponibilite Gadri yo kontinye ap antreprann travay enpòtan pou evalye kad konpansasyon mendèv altènatif yo.

Pwogram pilòt gadri anplwayè Eta New York sipòte

Pou pi byen abòde aksesibilite pou fanmi ki pa kalifye pou CCAP epi ki pote nouvo resous ki soti nan men anplwayè yo, Gouvènè Hochul pral etabli pwogram pilòt Gadri Eta New York anplwayè yo sipòte pou fasilite divize depans swen pou anplwaye ki kalifye yo ant Eta a, anplwayè yo, ak anplwaye yo. Nan pilòt ESCC a, anplwayè yo pral kontribye yon tyè nan depans swen fanmi yo ant 85 pousan ak 100 pousan revni mwayen, epi Eta a pral koresponn li, redui depans ak kòb pòch pou fanmi sa yo ak jenere plizyè milyon dola nan nouvo sipò finansye pou gadri.

Adopte kredi enpo sou revni biznis pou gadri nan tout eta a

Etandone limit sou depans ki kalifye yo, ak lòt restriksyon nan konsepsyon, anplwayè yo pa te ase itilize kredi federal ak Eta pou gadri ke anplwayè yo founi ki deja egziste a. Gouvènè Hochul te pwopoze yon kredi taks sou revni biznis ki pi fleksib nan tout eta a pou de ane pou biznis ki kreye oswa elaji aksè nan gadri pou anplwaye yo.

Pwopozisyon an ap aliyen ak yon kredi enpo sou revni biznis ki sanble a Vil New York ki pèmèt yo evalye rezilta yo nan nivo vil ak nivo eta an menm tan.

Kreye yon pwogram navigatè biznis

Gouvènè Hochul pral etabli yon pwogram navigatè biznis nan chak nan 10 rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC_ yo pou ede biznis ki enterese yo idantifye opsyon pou sipòte bezwen gadri anplwaye yo, epi li pral devlope tou yon liv gid pou gadri nan tout eta a pou anplwayè yo, ki pral respekte lòt rekòmandasyon gwoup travay eta a.

Ajanda gadri Gouvènè Hochul

Pwopozisyon Gouvènè Hochul sou Eta Leta a apiye sou dosye l genyen nan fè gadri vin pi jis, pi aksesib, ak pi bon mache nan Eta New York. Kòm Gouvènè Adjwen, Gouvènè Hochul te ko-prezide Gwoup Travay sou Disponibilite Gadri nan eta a, la, ki te konsantre sou devlope solisyon ki pral amelyore aksè nan gadri bon kalite ak bon mache nan New York. Epi kòm Gouvènè, li te travay ak Lejislati a pou revize sistèm gadri a epi fè envèstisman istorik inik, ki gen ladan yon angajman 7 milya dola pou kat ane pou amelyore pwogram asistans pou gadri a; elaji kalifikasyon revni pou asistans gadri pou plis pase mwaye timoun piti nan New York; ogmante pousantaj ranbousman eta bay founisè yo pou ogmante kantite pwogram fanmi yo ka chwazi; investi 50 milyon dola pou etabli yon pwogram kapital pou gadri; investi 343 milyon dola pou estabilize pwogram ki riske fèmen epi sipòte mendèv gadri a; epi investi 15.6 milyon dola pou elaji gadri nan tout kanpis SUNY ak CUNY.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418